

Anèks C

Gid Paran Lekòl Piblik Boston pou Bagay ki Esansyèl parapò ak Jistis Edikatif

Elèv lekòl Piblik Boston yo se sitwayen, dirijan, savan, antreprenè, defansè, ak inovatè demen. Lekòl nou yo dwe travay depre avèk fanmi yo ak kominote yo pou yo asire 100% elèv yo pare pou inivèsite, karyè yo, ak pou lavi a. N ap travay pou n transfòme dewoulman sal klas Lekòl Piblik Boston yo. Nou bezwen patenarya w! Edikatè nou yo ap travay pou yo devlope kat konpetans ki ekri anba yo. Ou dwe espere wè yo ann aksyon nan sal klas pitit ou an.

Konpetans Esansyèl 1: Kreye yon Anviwònman Aprantisaj ki Senesof, e Nourisan

Pou ki rezon sa esansyèl?

Elèv yo bezwen santi yo an sekirite, ankadre, epi santi yo byen pou yo ka byen aprann. Yon anviwònman ki sekirize pou aprantisaj p ap gen ni danje fizik, sosyal, osinon sikolojik ladan l. Anviwònman ki sekirize yo kreye pou yo redui oswa elimine reyaksyon ki bay strès negatif ki ka koupe nan aprantisaj yon elèv (Hammond, 2015). Anviwònman senesof yo soutni elèv yo nan devlopman abitud ak mantalite ki reflekte bon sante, tankou: chwazi manje ki bon pou sante yo, fè egzèsis, ak etabli relasyon ki bati sou respè. Anviwònman ki soutni yon elèv bay idantite li valè epi l chèche anseye elèv la ni nan zòn pwen fò l yo ansanm ak atravè pwen fò l yo (Gay, 2000).

Se ki jan nou ka aplike sa nan lekòl la?

Fizikman, plas pou aprantisaj yo senesof, pwòp, e byen òganize. Gen ase espas pou elèv yo fè mouvman.

Gen foto ak imaj koulè nan klas pitit ou an ki reflekte idantite l.

Gen ase lè nan orè pwogram pitit ou an pou aprantisaj sosyal e emosyonèl ansanm ak edikasyon spòtif, ak edikasyon sante.

Pitit ou an santi pwofesè l la byen ankadre l e li santi l alèz pou l pale avè l.

Pitit ou an ak kamarad li yo gen kè kontan nan figi yo epi gen yon sansasyon lajwa nan sal klas la.

Se ki jan nou kapab gen patisipasyon w?

Pataje avèk pwofesè a kèk pratik kiltirèl e lengwistik ki enpòtan pou fanmi ou. Pataje avèk li bagay ki ede pitit ou an aprann byen.

Poze pitit ou an kesyon sou relasyon l avèk pwofesè a.

Poze pwofesè pitit ou an kèk kesyon sou:

- Ki jan li sipòte devlopman sosyal e emosyonèl pitit ou an.
- Opòtinite elèv yo genyen pou yo fè mouvman fizik pandan jounen lekòl la.
- Ki aksè pitit ou an genyen pou l nan klas edikasyon spòtif ak edikasyon sante yo.

Konpetans Esansyèl 2: Kreye Eksperyans Aprantisaj pou Aksè ansanm ak Konpetans

Pou ki rezon sa esansyèl?

Nanpwen de (2) elèv ki menm. Byenke chak sèvo gen menm estrikti bazik yo, an gwo, sèvo chak moun espesyal a yo menm, avèk chemen neral yo genyen ki trase pa mwayen plizyè eksperyans yo fè nan lavi a (Meyer, Rose, ak Gordon, 2014). Orijin kiltirèl e lengwistik nou yo enfliyanse chemen neral nou yo (Hammond, 2015). Fò eksperyans aprantisaj yo kreye nan yon fason pou yo angaje sèvo elèv prezan yo, pran avantaj chema ki deja ekziste yo, epi ofri opòtinite pou elèv yo aplike e trete enfòmasyon k ap abouti a aprantisaj. Eksperyans aprantisaj yo dwe kreye nan yon fason pou yo pèmèt elèv yo bay tèt yo direksyon nan pwòp aprantisaj yo.

Se ki jan nou ka aplike sa nan lekòl la?

Elèv yo diskite enterè yo, orijin kiltirèl e lengwistik yo, ak stil aprantisaj yo avèk adilt yo ansanm ak kamarad yo. Elèv yo diskite sijè sa yo avèk konfyans paske yo konnen bagay sa yo gen valè.

Elèv yo resevwa enfòmasyon enpòtan sou travay yo fè nan plizyè modalite (ki vle di: alekri, nan bouch, nan sèvu ak bagay yo ka wè, et setera).

Elèv yo gen opòtinite nan chak eksperyans aprantisaj pou yo analize enfòmasyon nan fason diferan, pami yo; endepandaman (ki vle di: poukont yo), avèk kamarad yo, avèk granmoun, alekri, avèk imaj vizyèl oswa senbòl, nan bouch, et setera.

Elèv yo gen plizyè opsyon ki disponib pou yo, pou yo montre sa yo aprann.

Se ki jan nou kapab gen patisipasyon w?

Pale avèk pitit ou sou ki fason li aprann pi byen. Pataje enfòmasyon sa a avèk pwofesè l la oswa ankouraje l, li menm, pou l pataje l avèk pwofesè l la.

Verifye devwa pitit ou an lòske l tounen lakay sot lekòl la. Chèche pou:

- Devwa ki ka gen plis pase yon sèl repons “korèk” oswa plis pase yon sèl fason moun kapab yo.
- Devwa ki pèmèt elèv yo chwazi kòman yo kapab montre sa yo konnen an (ekri, pale, kreye, et setera)

Chèche opòtinite pou w mande pitit ou an ki jan li ta fè yon bagay li menm. “Se ki jan ou t ap fè sa, ou menm?”
“Ki sa w panse ____dwe fè?”

Konpetans Esansyèl 3: Fasilite Travay ak Ansèyman ki Mantalman Egzijan

Pou ki rezon sa esansyèl?

Lavi a nan 21yèm syèk la pi konplike. Andwa kote elèv nou yo pral antre pou yo travay yo pral chanje rapid rapid. Estrikti Pwogram Lekòl Massachusetts la (“Massachusetts Curriculum Framework”) esplike kèk objektif solid pou aprantisaj elèv ki kapab prepare elèv yo pou yo kapab konpetitif nan mendèv 21yèm syèk la.

Fò eksperayans aprantisaj yo kreye nan yon fason pou elèv la kapab yon ajan aktif nan aprantisaj la epi edikasyon a li menm se yon fasilite osinon yon gid. Zaretta Hammond (2016) site deklarasyon suivan an kòm youn nan “Règ Sèvo ki Reyaktif Kiltirèlman Yo.” “Sèvo a grandi fizikman atravè defi ak eprè, li elaji abiltè l pou l ka reflechi e aprann nan fason ki pi konplike.”

Chak elèv Lekòl Piblik Boston (BPS) gen dwa sa a pou li resevwa yon edikasyon ki solid.

Se ki jan nou ka aplike sa nan lekòl la?

Elèv yo aktif pandan majorite tan yo pase lekòl la osinon nan lòt andwa aprantisaj yo. Yo pase yon tan byen limite ap tande oswa obsève egzant rezonman ak pwosedi granmoun.

Espas aprantisaj yo ranpli avèk konvèsasyon elèv yo.

Nou konsakre tan pou travay endividyèl ak travay kolabratif.

Travay nou prezante bay elèv yo an jeneral gen plis pase yon sèl repons oswa yo gen plizyè chemen ki mennen a yon solisyon.

Travay yo aktive chema ak enterè elèv yo ki deja egziste yo, epi nou ankouraje elèv yo pran avantaj koneksyon sa yo pou yo apwofondi rezonman yo.

Se ki jan nou kapab gen patisipasyon w?

Verifye devwa yo ansanm ak pitit ou. Chèche pou:

- Devwa ki mande pou elèv yo fè rechèch pou yo jwenn kèk enfòmasyon oswa ki mande yo rezoud kèk pwoblèm lavi reyèl la.
- Devwa elèv yo fè plizyè jou oswa plizyè semèn ap travay sou yo.

Mande pitit ou an ki travay lekòl la li twouve ki pi enteresan.

Vizite klas pitit ou an, epi chèche jwenn kèk travay kolabratif epi tande ki kòmantè elèv yo ap fè sou travay y ap fè yo.

Verifye enfòmasyon nou voye lakay ou sou pèfòmans pitit ou an. Pale avèk pwofesè a epi mande l ki jan l ap pèfòme parapò a estanda yo etabli pou nivo klas li an.

Konpetans Esansyèl 4: Evalyasyon pou Aprantisaj

Pou ki rezon sa esansyèl?

Edikasyon se yon pwosesis kontinyèl. Fè evalyasyon pou aprantisaj pa vle di bay elèv egzamen. Lòske yon edikatè ap fè evalyasyon pou aprantisaj, li reyini ansanm enfòmasyon sou rezonman elèv la pou l kapab detèmine pwochèn etap ki dwe pran plas yo (yon nouvo kesyon, yon diskisyon pi pwofon, yon koneksyon ki te fèt parapò ak kèk ansyen aprantisaj, et setera) epi founi elèv yo ak kòmantè enstriktif. Kòmantè se youn nan fason pi pisan moun kapab amelyore aprantisaj (Hattie ak Timperley, 2007).

Se ki jan nou ka aplike sa nan lekòl la?

Chak jou elèv yo gen opòtinite pou yo esplike rezonman yo epi poze kesyon sou eleman y ap aprann yo ansanm avèk kamarad yo ak paran yo.

Elèv yo gen plizyè opòtinite pou yo sèvi avèk yon seri modalite (fason) pou yo montre konpreyansyon yo osinon konpetans yo.

Elèv yo gen opòtinite kontinyèl pou yo resevwa kòmantè “enstriktif.” Sètadi, kòmantè moun kapab aji sou yo, ki spesifik, opòten, epi ki founi nan yon fason ki pa bay elèv yo anpil strès epi ki bay yo sipò. (Hammond, 2016)

Se ki jan nou kapab gen patisipasyon w?

Mande pitit ou an pou l esplike rezonman li lòske l ap fè devwa yo.

Mande pitit ou an sou ki sa l ap travay nan moman sa a nan chak matyè.

Verifye devwa pitit ou an pandan w ap chèche pou kòmantè pwofesè a. Kòmantè yo dwe presi. Yon ti tchèk, ti desen figi kè kontan, ak nòt pa sifi.

Pale avèk pwofesè pitit ou an sou pwogrè li. Poze kesyon sou ki fason pwofesè a kolekte enfòmasyon sou pwogrè li ak ki jan li pataje kòmantè l yo avèk pitit ou an.